



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE MANMAN PÒTEZ AK PARAN YO SOU NOUVO DWA AK PWOTEKSYON POU ASIRANS YO PANDAN JESTASYON POU LÒT MOUN YO

Manman pòtez yo gen yon dwa pou jwenn asirans sante ak asirans vi ke paran yo peye pou yo

Paran yo pwoteje kont pèt finansye posib ki fèt pandan jestasyon pou lòt moun

Depatman Sèvis Finansye Eta New York soti lèt enstriksyon ki raple konpayi asirans yo ke yo dwe bay benefis swen matènite pou manman pòtez yo

Legalizasyon jestasyon pou lòt moun nan te fè pati Bidjè Ane Fiskal 2021 Gouvènè a ki te adopte a epi yon gwo priyorite pou Konsèy Fanm ak Ti Fi New York la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te raple Nouyòkè yo konsènan nouvo pwoteksyon ak dwa asirans pou manman pòtez ak paran yo k ap antre anvigè 15 fevriye 2021. Nouvo pwoteksyon ak dwa asirans sa yo te fè pati [Bidjè Ane Fiskal 2021 ki te adopte a](#) ki te legalize jestasyon pou lòt moun nan New York.

"Lè nou te adopte lejislasyon ki leve entèdiksyon antik sou jestasyon pou lòt moun nan, nou te enkli pwoteksyon ki pi solid nan peyi a pou manman pòtez ak paran yo alafwa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen raple e mwen ankouraje tout Nouyòkè pou revize nouvo pwoteksyon ak dwa asirans sa yo lè y ap antre nan pwosesis sa."

Nouvo pwoteksyon asirans ak dwa ki adopte nan Bidjè Ane Fiskal 2021 Gouvènè a genyen ladan yo:

- **Asirans vi pou manman pòtez yo:** Manman pòtez yo gen dwa pou kouvèti asirans vi kounye a ke paran yo bay epi peye pou li;
- **Asirans sante pou manman pòtez yo:** Manman pòtez yo gen dwa kounye a pou asirans sante konplè ke paran yo peye pou li e li dwe kouvri benefis pou swen matènite ak swen prevantif ak depistaj ki lye ak gwosès la; ak
- **Asirans pou Paran yo:** Paran yo ka achte asirans kounye a ki kouvri pèt finansye yo si manman pòtez la pa rive egzekite dapre kontra manman pòtez la, epitou yo ka achte asirans pou depans medikal donatè a.

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an epi Prezidan Konsèy Eta New York la sou Fanm ak Ti Fi, te deklare, "Administrasyon sa te fè li yon priyorite pou konbat dwa sante repwodiktif epi sekirize yo pou tout Nouyòkè. Pandan lwa sa ap antre anvigè, mwen raple manman pòtez ak paran yo pou yo konnen dwa yo pou lapè nan lespri pandan pwosesis planifikasyon familyal la".

Linda A. Lacewell, Sipèrentandan Sèvis Finansye a, te deklare, "New York kontinye pran mezi ki lidè nan peyi a pou pwoteje tout fanmi New York yo e nou raple paran ak manman pòtez yo de nouvo pwoteksyon ak dwa pou asirans yo. Sa yo se pwoteksyon bon sans ki etabli garanti epi fikse nòm asirans pou yon pwosesis manman sibstitisyon ki fasil ou tout pati yo."

[Pou yon kopi lèt sikilè pou konpayi asirans yo, ale sou sitwèb DFS la.](#)

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)